# УЙҚАС БАҒДАРЫНДАҒЫ КӨРКЕМ ИЗЛЕНИСЛЕР (МАҚТЫМҚУЛЫ ҲӘМ И.ЮСУПОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ МЫСАЛЫНДА)

**Ҳайтбаева Венера Мирзалиевна**
**Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17397305**

**Таянч сўзлар:** Махтумқуди ижоди, И.Юсупов ижоди, шеър тузилиши, қофия, қофия турлари.

**Ключевые слова:** Творчество Махтумкуда, творчество И. Юсупова, стихосложение, рифма, виды рифмы.

**Key words:** Maxtumqudi's work, I. Yusupov's work, poetic structure, rhyme, types of rhyme.

Қосықтың ең тийкарғы элементлериниң бири уйқас болып табылады. Уйқассыз қосық болмайды. Әлбетте, қосық қурылысы бойынша ырғақ, уйқас, өлшем ҳәм бәнт сыяқлы элементлерден ибарат. Поэтикалық сөздиң көркемлигин тәмийинлеўде ырғақ ҳәм өлшем сыяқлы уйқас да белгили дәрежеде функция ийе. Уйқас ырғақ пенен бирге қосықтың ядланыў мүмкиншилигине де айрықша хызмет атқарады. Уйқас поэзияға өзинше көркемлик бағышлап, оның оқыўшы яки тыңлаўшыға тийгизетуғын эмоционаллық тәсиршеңлигин де арттырады.

Белгили алым В.М.Жирмунский "Уйқас – бул қосықтың бәнтлик қурылысында шөлкемлестириўшилик хызмет атқаратуғын ҳәр қандай сеслик қайталаўлар" [1:9] – деп баҳа береди. Ҳақыйқатында да В.М.Жирмунскийдиң бул анықламасы оғада дурыс айтылған. Себеби, уйқас қосықтың бәнтлик қурылысында тийкарғы хызметти атқарады. Еки, үш, төрт ҳәм т.б. қатарлы қосық деп атаўымыздың себеби, қосық қатарларының уйқасыў системасына байланыслы болады.

"Уйқас – биринши гезекте қосық қурылысының басқа элементлери болған ырғақ, бәнт, өлшем менен байланыста туўылады ҳәм солардың пайда болыўында шешиўши хызмет атқарады. Мәселен, қосық қатарлары бир-бири менен пәкизе уйқасқа түсиўи арқалы бир тегис ырғақты пайда етеди. Ырғақ уйқассыз өзиниң бир тегислигин, системалылығы, музыкалылығын сақлап тура алмайды. Өйткени, уйқассыз қатарлардың оқылыўы менен уйқаслы қатарлардың оқылыўында да сезилерли дәрежеде парық бар екенлиги көринип турады". [2:234]

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде, соның ишинде қосық теориясы тараўында, қосық қурылысы, оның тийкарғы элементлери (уйқас, ырғақ, өлшем, бәнт) бойынша тужырымлы илимий-теориялық концепциялар белгили алым Қ.Оразымбетов тәрепинен әмелге асырылған. Мине, биз усы алымның концепцияларына сүйене отырып, И.Юсуповтың поэзиясында қосық қурылысы бойынша Мақтымқулы дәстүрлерин үйрениўди мақсет еттик.

Белгилим алым Қ.Оразымбетов қосықтағы уйқастың көркемлик тәбияты ҳаққында пикир билдире отырып былай деген еди: "...уйқас қосықтың көркемлигине тиккелей тәсир жасайды. Сәтли табылған қатар, өз орнында қолланылған сөзлер менен уйқастың байланысы пикирдиң сулыўлығын, образлылығын тәмийинлейди, оқыўшыда эмоциональ, эстетикалық сезимлерди пайда етеди". [2:234] Солай етип уйқас тыңлаўшы ҳәм оқыўшы тәрепинен шығарманы қабыллаў ҳәм ядлаў мүмкиншилигин

белгили дәрежеде жоқарылатады. Биз үйрениў барысында XX әсир қарақалпақ шайырлары дөретиўшилигинде Мақтымқулы қосықларында ушырасатуғын түбир ҳәм қосымталардың қатнасы бойынша уйқастың төмендеги түрлери ушырасады.

Қосымтасыз еки ямаса оннан да көп буўынлы түбир сөзлердиң өз-ара уйқасыўы болып табылады. Бундай түбир сөзлердиң уйқасы Мақтымқулы дөретиўшилигинде көплеп ушырасады: Мысалы;

Дарыды бир долы, ёлукды баран,
Бирин юрды биле эйледи вейран,
Бирисиниң яры ызында хайран,
Гөзлери ёлдадыр, булар гелмеди. [3:59]

Мине, бул қосық қатарларында 1,2,3-қатарлардағы ең соңғы асты сызылған түбир сөзлер қосымтасыз уйқасып тур.

Дослық, иззет-уллы дәўлет,
Жан азығы-жақсы сәўбет,
Шөлге-бәҳәр, гүлге-нәўбет,
Кеўил кеўилден суў ишер. [4:224]

Келтирилген қосық бәнтлери И.Юсуповтың дөретиўшилигинен орын алған. Бул қосық қатарларындағы  асты сызылған түбир сөзлер бир-бири менен уйқасқа ийе. Демек, түбир сөзлердиң уйқасыўы. “Түбир сөзлер жалғалмалы сөзлерге қарағанда көбирек тәсир жасайды. Себеби, түбир сөзлер қысқа болады. Поэзия қысқалықты сүйеди. Екиншиден түбир сөзлердиң қосық қатарының соңында келиўи тек поэзияның поэтикасына тән қубылыс екенлиги де белгили”.  [2:238]

Түбирдиң ҳәм қосымтаның да уйқасыўы. Бунда уйқас ушын алынған сөзлердиң тек түбири уйқасып қалмастан, қосымталары да уйқасады. Уйқастың бул түри дәслепки түрге салыстырғанда қурамалы көринеди. Мысалы:

Эл гөтергил хам хыялдан,
Саңа ыссыг ёкдур малдан,
Рузыгәр гечсе халалдан,
Арыфлар сөхбети герек.   [3:111]

Бул қосық қатарлар Мақтымқулының дөретиўшилиген орын алып, асты сызылған сөзлер бир-бири менен уйқасып тур. Әлбетте, уйқасқа түбир сөз де ҳәм оның қосымтасыда уйқасады. Бундай уйқас түрлери XX әсир қарақалпақ шайырлары дөретиўшилигинде де ушырасады. Мысалы:

Жаның ыршып түсер қылыш шабақтай,
Жақын-жуўық болмаса да ол адам,
Сәўбетин тәрк еткен әзиз қонақтай,
“Ай-ҳай, ийт дүнья” деп кеўлиң қаўсаған. [4:265]

Бул қосық қатарларындағы асты сызылған сөзлердиң түбири де ҳәм қосымтасы да уйқасқа ийе. Бундай уйқаслар ырғаққа да айрықша түс береди. Бул мысаллардағы уйқасыўшы сөзлер ҳәм уйқас түрлери Мақтымқулының дөретиўшилигине ушырасатуғын уйқасты еслетеди.

Қарақалпақ поэзиясында қурамалы уйқастың бир неше түрлери бар. Атап айтқанда, жупласқан уйқас, аралас уйқас, толық уйқас, тутас уйқас ҳәм т.б. түрлерин ушыратамыз. Бундай уйқас түрлери Мақтымқулы поэзиясында да ушырасады.

1.Жупласқан уйқас. Бир қатардағы еки сөз бенен екинши қатардағы еки сөздиң өз-ара уйқасыўына айтылады. Мысалы:

Иблисе ёл берме, ювтмагыл нары,
Гүл дийип өзүңе салмагыл хары,
Бигайратлык этме, саклагыл ары,
Хайыпдыр жаныңа, чилим чекмегил! [3:186]

Ҳәр бир қатарда өз-ара уйкасатуғын еки сөзди табыў қыйын. Бундай уйқаслар көпшилик жағдайда турақлы сөз дизбеклери келгенде ямаса дизбеклесип келиўи шәрт болған еки сөз қатара келгенде ушырасады. Бундай уйқастың түрлерин XX әсир қарақалпақ шайыры И.Юсупов поэзиясында ушыратыўымыз мүмкин.

Асқар таўдай адамлықты,
Ағын суўдай ҳадаллықты,
Уллылықты, еденликти,
Көкирегиңе қуяғойған. [4:69]

Қосық қатарларындағы асты сызылған сөзлер жупласқан уйқасқа мысал бола алады. Жоқарыдағы мысалларда *таўдай-суўдай, адамлықты-ҳадаллықты* жуплықлары өз-ара уйқасады. Шайырлар бундай сөзлерди уйқас ушын арнайы қолланбаўы мүмкин. Ол дөретиўшилик ҳалатта тәбиий ҳалатта келиўи мүмкин. Бирақ, айырым шайырлар уйқас излеўде сөз ойынынан пайдаланады ҳәм усының нәтийжесинде жупласқан уйқас дөретиледи.

Улыўма алғанда И.Юсупов дөретиўшилигинде уйқас дүзиўде де көркемлик изленислер, басқа шайырлардың поэтикалық дәстүрлеринен пайдаланыўы мүмкин. Усы сыпатлы белгилерине қарап бул дәўирдеги шайырлардың дөретиўшилигиндеги уйқас дүзиў бағдарындағы Мақтымқулы дәстүрлери көзге тасланады.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Жирмунский В.М. Рифма, ее история и теория, Петроград. 1923. С.9.
2. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. I том. – Нөкис: Билим, 2018. Б.234.
3. Магтымгулы. Сайланан эсерлер. Ики томлук I. –Ашгабат: Түркменистан, 1983. Б.59.
4. Юсупов И. Таңламалы шығармалары, I том. –Нөкис: Билим, 2018. Б.224.